

Leson 7

Wòl Anbasadè nan Lapè ak Rekonsilyasyon

Vèsè Biblik

"Se Kris la ki fè tout bagay sou syèl ak sou tè tounen yon sèl bagay nan li menm. Li te pote lapè lè li te kite san li koule sou kwa a pou yo tout ka vin ansanm." – **Kolosyen 1:20**

Objektif Leson an

Après leson sa a, elèv yo pral kapab:

- Konprann wòl fondamantal yon anbasadè nan pote lapè ak rekonsilyasyon dapre prensip Rwayòm Bondye a.
- Idantifye kijan lapè ak rekonsilyasyon reflekte karaktè Kris la nan mond lan.
- Aplike estrateji esprityèl pou rezoud konfli e retabli relasyon nan lavi pèsònèl, sosyal, e pwofesyonèl yo.
- Evalye kijan rekonsilyasyon kontribye nan fè syèl vin vizib sou tè a.

Salitasyon e Benediksyon

"Ke Rwayòm invizib la, lapè e rekonsilyasyon Bondye, atravè Kris la, antre lakay ou e ranpli lavi w ak amoni e ekilib. Menm jan ak yon pandemi ki kontajye, ke vibrasyon lapè sa a pase bay chak moun nan fanmi w, kominote w, e tout aktivite w. Ke ou vin yon pon esprityèl ki pote verite ak limyè nan relasyon yo. Ke **CDARS Ministries** kontinye sipòte w pandan ou ap mache nan wòl ou kòm yon anbasadè, retabli relasyon brize ki kraze yo, epi fè vizyon syèl la vin vizib sou tè a."

Entwodiksyon

Rekonsilyasyon se youn nan misyon prensipal Kris la sou tè a, e lapè se rezilta ki fèt lè relasyon brize ou kraze yo retabli dapre prensip diven yo. Yon anbasadè pa gen wòl sèlman pou pale sou lapè, men pou viv li, enspire li, epi kreye li nan tout relasyon li yo. Sa mande yon konpreyansyon pwofon sou kijan volonte Bondye fèt pou retabli amoni, ekilib, ak lòd nan kreyasyon l lan.

Nan yon mond ki chaje ak konfli, lapè souvan parèt tankou yon objektif lwen ou imposib pou rive ou fèt. Men, atravè travay Kris sou kwa a, lapè pa yon lide utopik sureyèl, ki rete selman nan lespwi; li se yon reyalite esprityèl ki disponib pou moun ki mache selon prensip Bondye yo. Yon anbasadè ki gen kapasite pou pote rekonsilyasyon ap travay kòm yon zouti pou fè syèl vin vizib sou tè a, kit nan fanmi l, kominote l, oswa espas pwofesyonèl li.

Rekonsilyasyon mande pou genyen onètete, padon, ak yon angajman pou travay pou verite. Pa egzanp, yon relasyon brize ou kraze ka retabli lè pati yo rekonèt fòt yo epi travay pou repare domaj ki te fèt. Leson sa a pral eksplike kijan lapè ak rekonsilyasyon pa sèlman valè esprityèl, men zouti transfòmasyon ki ka chanje lavi pèsonèl, sosyal yo.

5. Definisyon Kle

1. Rekonsilyasyon:

Rekonsilyasyon se pwosesis kote relasyon kase yo retabli atravè padon, lanmou, ak prensip diven. Li se travay pou pote moun ansanm nan amoni, menm lè gen diferans ki sanble enposib pou simonte.

- Yon anbasadè ki fè premye etap la pou pale ak yon zanmi oswa yon kòlèg travay ki te gen yon konfli avèk li, montre wòl

rekonsilyasyon nan travay Bondye. Pa egzanp, li pa rete tann lòt moun vin mande padon, men li chèche fè lapè premye.

- Ki relasyon nan lavi w ki bezwen rekonsilyasyon? Ki premye etap ou ka pran jodi a pou kòmanse retabli koneksyon sa?

2. Lapè:

Lapè se yon eta espirityèl ak emosyonèl ki reflekte absans konfli ak prezans jistis ak amoni. Lapè pa depann de sikonstans ekstèn, men li soti nan relasyon ak prensip diven yo.

- Nan yon reyinyon travay kote tansyon monte, yon anbasadè ki mache ak prensip lapè ka itilize yon ton kalm ak fòmilasyon ki ankouraje amoni. Li ka travay pou rekanalize diskisyon an nan yon direksyon konstruktif.
 - Nan ki jan ou ka pote lapè nan yon sitiyaasyon chaje ak konfli nan travay ou oswa fanmi w?

3. Pardon:

Pardon se desizyon pou lage resantiman ak aksepte rekonsilyasyon dapre volonte Bondye. Pardon pa vle di ou inyore ofans, men li pèmèt ou libere tèt ou ak lòt moun anba chenn emosyon negatif yo.

- Yon anbasadè ki te viktim malentansyon chwazi padone olye pou li kenbe resantiman. Li chèche pale ak moun nan epi travay pou konprann sitiyaasyon an nan yon fason espirityèl.
 - Èske gen yon ofans nan lavi w ke ou poko lage? Ki jan padon ka ede w jwenn lapè?

4. Amoni:

Amoni se yon eta kote tout eleman nan yon relasyon oswa sistèm travay ansanm nan respè ak prensip diven yo. Li pwodui estabilite ak lapè ki dirab.

- Nan yon fanmi, lè tout manm respekte wòl yo epi travay ansanm pou reyalize yon objektif komen, amoni vin yon reyalite ki ranfòse lanmou ak amitye.
 - Ki jan ou ka jwe yon wòl dirijan pou pote amoni nan yon relasyon oswa nan yon kominote kote ou wè konfli?

5. Medyatè:

Yon medyatè se yon moun ki sèvi kòm yon pon pou pote rekonsilyasyon ak lapè nan relasyon oswa sitiyasyon ki chaje ak konfli. Kris se medyatè ultim lan, men chak anbasadè genyen wòl sa a nan lavi yo.

- Yon anbasadè ka itilize kapasite li pou konekte de moun ki te gen konfli nan kominote li, ankouraje yo pale onètman pandan li sèvi kòm yon gid pou retabli relasyon an.
 - Nan ki domèn ou panse Bondye ap rele w pou sèvi kòm yon medyatè?

Rezime Kontni an

1. Bondye Kòm Sous Pè ak Rekonsilyasyon

Bondye pa sèlman kreye pè ak rekonsilyasyon; li se sous ultim tout dezyèm chans ak amoni. Lèzòm te pèdi relasyon yo avèk Bondye nan rebelyon yo, men atravè Kris la, Bondye te retabli chemen ki mennen nan lapè ak amoni. Sa vle di ke tout bagay, kèlkeswa nivo dezòd la, ka retabli lè yo aplike prensip diven yo. Pè ak rekonsilyasyon pa janm opsyonèl nan Rwayòm Bondye; yo se potò ki soutni fondasyon Rwayòm li a.

2. Wòl Kris la Nan Rekonsilyasyon

Kris la se pon ki relie syèl ak tè a, Bondye ak limanite, moun youn ak lòt. Travay li sou kwa a ak rezirèksyon li pa t sèlman rachte lèzòm; li te tou bay tout moun ki aksepte li kapasite pou aplike prensip rekonsilyasyon nan lavi yo. Kris pa sèlman modèl rekonsilyasyon, li se zouti pratik nou itilize pou fè pè ak amoni posib nan tout aspè lavi nou. Sa vle di ke anbasadè yo dwe itilize prensip Kris la kòm baz pou retabli relasyon yo kase yo.

3. Wòl Yon Anbasadè Nan Pè ak Rekonsilyasyon

Anbasadè yo sèvi kòm zouti Bondye itilize pou gaye lapè nan yon mond ki plen konfli. Wòl ou kòm yon anbasadè se sèvi kòm yon pon nan mitan konfli yo. Yon anbasadè ki viv dapre prensip pè ap toujou chèche rezoud konfli san patipri epi ak lanmou. Lè ou pratike rekonsilyasyon, w ap montre ak aksyon w kijan Rwayòm Bondye travay pou retabli relasyon ki kase yo. Se pa sèlman yon misyon espiyèl; li gen gwo enpak sosyal ak pwofesyonèl nan lavi chak jou.

4. Enpak Sosyal ak Pwofesyonèl Pè ak Rekonsilyasyon

Prensip pè ak rekonsilyasyon depase fwontyè espiyèl yo pou enfluyans lavi sosyal ak pwofesyonèl moun yo. Yon anbasadè ki pratike lapè se yon egzanp ki motive lòt moun pou fè menm bagay la. Nan espas travay, sa vle di gide ekip nan direksyon amoni olye de konfli. Nan kominote w, sa vle di ede moun jwenn solisyon ki baze sou prensip verite ak lanmou. Prensip rekonsilyasyon pa sèlman retabli relasyon; li fè moun yo vin pi solid ak rezistan nan mitan konfli.

5. Aplikasyon Pratik Prensip lapè ak Rekonsilyasyon

Yon anbasadè ki pratike lapè e rekonsilyasyon dwe toujou:

- Rekonsilye relasyon brize ou kraze nan yon fason onèt e ki reflekte lanmou.
- Montre egzanp lapè nan tout aksyon li, kèlkeswa sitiyasyon an.

- Ankouraje dyalòg ak kolaborasyon nan kominote ak espas pwofesyonèl li.
- Fè efò pou konprann lòt moun epi travay nan direksyon amoni.

Panse Inik

"Yon anbasadè kise yon minis pou lapè ak rekonsilyasyon pa senpleman la pou fè santi konfli pase ou prezan yo. Li sèvi kòm yon pon, ki relye relasyon, lapè ou rekonsilyasyon ki te kraze ou brize, nan lanmou ak jistis kòm gid yo. Nan yon mond plen divizyon ak separasyon, se prensip lapè Bondye ak rekonsilyasyon atravè Kris la ki ka fè syèl vin vizib sou tè a. Lapè ak rekonsilyasyon pa senpleman yon objektif; yo se misyon ki reflekte rèy syèl la nan chak aksyon w."

Mesaj Fondatè (James Lamour)

"Lapè ak rekonsilyasyon se batman kè Rwayòm Bondye a. Yon anbasadè ki pa chache lapè ak amoni pèdi esans misyon li. Bondye pa tèlman voye ou nan mond sa a pou ou viv nan izolasyon oswa nan konfli, men pou ou sèvi kòm yon zouti ki rekonete ou rekonsilye fanmi Bondye avek li, e syèl la ak tè, ou domèn vizib la ak domèn invizib la. Pandan ou aplike prensip rekonsilyasyon, ou ap vin yon kanal kote Bondye ka travay pou retabli relasyon ki brize e kraze yo. Men sonje, pè pa vle di fè silans devan enjis; li mande ou pale pou verite, men fè sa avèk lanmou.

Moun pa ka retabli lòd ak ekilib nan mond lan san prensip rekonsilyasyon Bondye yo. Pa bliye ke, chak fwa ou defann lanmou ak jistis, ou ap aplike lapè diven nan yon mond ki bezwen li dezesperaman. Se atravè aksyon w ke lòt moun ka wè yon rwayòm kote konfli transfòme an amoni. Se yon privilèj, men tou yon

responsablite. Pa kite okenn konfli rete san solisyon, paske ou se zouti Bondye pou fè limanite retounen nan balans ak lòd orijinal Bondye a."

Entèraksyon ak Refleksyon

1. Ki temwayaj ou genyen oswa eksperimante rekonsilyasyon nan lavi w?

Reflechi sou yon sitiyasyon kote ou te wè yon relasyon brize e kraze retabli avèk lanmou ak jistis. Diskite ki jan prensip diven yo te itilize.

2. Ki wòl lapè genyen nan lavi w?

Èske ou panse ke ou se yon sous lapè nan fanmi w, travay w, oswa kominote w? Si wi, bay egzanp; si non, diskite fason ou ka amelyore.

3. Ki jan ou ka sèvi kòm yon zouti pou rekonsilyasyon?

Pataje de fason pratik kouman ou ka sèvi kòm yon pon nan mitan konfli oswa divizyon nan espas sosyal oswa pwofesyonèl ou.

4. Konsekans Inyore Pè ak Rekonsilyasyon:

Diskite sa ki rive lè moun oswa sosyete yo inyore enpòtans pè ak rekonsilyasyon nan lavi yo.

Etap Pratik

1. Idantifye Yon Relasyon Ki Bezwen Rekonsilyasyon:

Fè yon efò pou pale ak yon moun ke ou gen konfli avèk yo. Sèvi ak prensip lanmou e jistis Bondye pou travay nan direksyon pou yon solisyon ki amikal.

2. Kreye Yon Plan Aksyon Pou Lapè:

Ekri yon plan chak semèn kote ou entegre prensip pè nan tout aspè lavi w – soti nan desizyon pèsònèl rive nan angajman pwofesyonèl.

3. Anseye Yon Moun Sou Rekonsilyasyon:

Pataje konesans ou sou prensip rekonsilyasyon ak yon lòt moun ki bezwen direksyon espirityèl oswa etik.

4. Rekonsilye Nan Travay Ou:

Chèche solisyon nan espas pwofesyonèl ou kote gen konfli oswa divizyon. Pratike prensip verite ak lanmou pou mennen ekip ou a nan yon direksyon ki an amoni.

5. Dokimante Pwogrè w:

Kenbe yon jounal kote ou ekri jan ou aplike prensip lapè ak rekonsilyasyon nan lavi ou chak semèn. Sèvi ak sa pou reflechi sou pwogrè w epi idantifye zòn ou ka amelyore.

Avètisman

1. **Konsekans Pozitif:** Yon lavi ki baze sou prensip lapè ak rekonsilyasyon pote benefis ki ale pi lwen pase lavi pèsònèl ou. Ou devlope relasyon solid ak moun ki bò kote w, ankouraje lapè nan kominote w, epi ou vinn yon modèl pou lòt moun swiv. Lè w viv ak prensip sa yo, ou ede retabli amoni nan zòn kote konfli oswa divizyon te egziste. Sa pèmèt ou kreye yon eritaj dirab ki reflete rèy syèl la.
2. **Konsekans Negatif:** Inyore pè ak rekonsilyasyon gen konsekans grav. Li mennen nan divizyon ki detwi relasyon, kreye estrès, e anpeche pwogrè pèsònèl ak kominotè. Yon moun ki neglije sa a ka pèdi opòtinite pou enfliyanse lòt moun pozitivman epi pou sèvi kòm yon zouti nan misyon Bondye pou retabli lòd e ekilib nan mond lan. Divizyon pwodui destriksyon ki afekte pa sèlman lavi pèsònèl, men tou sosyete an antye.

Deba ak Kesyon Pou Angajman

- 1. Èske lapè vle di fè silans devan enjistis?** Diskite sou si wi ou non lapè ka egziste san verite. Èske yon moun ka aplike lapè san yo pa adrese pwoblèm ki lakòz konfli yo? Bay egzanp nan lavi reyèl.
- 2. Kijan ou ka sèvi kòm yon pon rekonsilyasyon?** Diskite sou fason ou ka jere konfli nan espas pwofesyonèl oswa sosyal ou. Èske ou gen estrateji pou ankouraje rekonsilyasyon nan zòn ou enfliyanse yo?
- 3. Èske tout relasyon kase merite rekonsilyasyon?** Reflechi sou si gen moman kote rekonsilyasyon pa posib oswa pa nesesè. Diskite kijan prensip lanmou ak jistis dwe gide desizyon ou yo nan sitiyasyon sa yo.
- 4. Kijan w ka aplike prensip pè nan desizyon pwofesyonèl ou?** Bay egzanp sou desizyon nan travay ou ki ka enfliyanse lapè nan yon ekip oswa òganizasyon. Kisa ou ka fè pou mennen yon ekip nan amoni?
- 5. Ki wòl verite nan rekonsilyasyon?** Èske w panse rekonsilyasyon ka fèt san yon admisyon verite? Bay egzanp ki montre kijan verite ak pè konekte.

Egzèsis Pratik

- 1. Rechèch nan Bib la:** Chèche twa pasaj bibliki ki pale de pè ak rekonsilyasyon. Ekri refleksyon ou sou kijan yo aplike nan lavi ou chak jou. Pa egzanp, nan *Matye 5:9*, "Beni moun ki fè lapè," jan ou ka aplike l nan relasyon ou yo.
- 2. Pratik Pè nan Travay:** Idantifye yon sitiyasyon nan espas pwofesyonèl ou kote gen konfli oswa divizyon. Kreye yon plan twa etap pou diminye tansyon epi ankouraje rekonsilyasyon.
- 3. Refleksyon Pèsonèl:** Ekri yon jounal kote ou idantifye yon konfli ou gen nan lavi ou kounye a. Reflechi sou kijan ou ka sèvi ak prensip lanmou ak jistis pou rezoud li.

4. **Enpak Kominotè:** Planifye yon aktivite nan kominote ou kote w ap ankouraje lapè. Sa ka yon reyinyon pou diskite sou konfli, oswa yon pwojè ki mete moun ansanm pou kolabore nan yon zòn spesifik.
5. **Aplike Rekonsilyasyon nan Fanmi:** Reflechi sou relasyon fanmi ou yo. Idantifye yon zòn kote lapè ak rekonsilyasyon nesesè, epi pran premye etap la pou adrese li avèk lanmou ak respè.

